

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh maké pamarekan kualitatif kalawan métodeu Déskriptif. Sabab nilik kana data nu rék diolah mangrupa kekecapan atawa tulisan anu saterusna dianalisispieu meunangkeun hasil. Data anu baris didéskripsikeun nyaéta kalimah anu nyoko kana unsur pragmatik jeung gaya basa dina naskah drama. Dumasar kana pamadegan Badgon jeung Taylor (dina Moleong, 2001, kc. 3) ngajéntrékeun yén kualitatif téh prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskripsi mangrupa kekecapan tulis atawa lisan ti jalma-jalma atawa laku lampah anu ditalungtik. Sajalan jeung Badara (2014, kc. 63) nu nétélakeun yén kualitatif téh nyaéta métodeu nu digunakeun pikeun maham pesen simbolik tina hiji téks.

Métodeu nyaéta cara anu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, lian ti éta panalungtikan téh mangrupa beungkeutan kagiatan ilmiah anu ngawengku mangsa néangan pasualan, mangsa meunangkeun pasualan, jeung mangsa ngaréngsékeun pasualan. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif analitis. Arikunto (2006, kc. 270) métodeu déskriptif nyaéta métodeu panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data. Luyu jeung Djajasudarma(1993, kc. 8), métodeu déskriptif bisa ngajelaskeun kalawan sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sipat sarta tatali fénoména anu ditalungtik anu cohagna ngahasilkeun gambaran data kalawan ilmiah. Anu didéskripsikeun nyaéta perkara unsur pragmatik jeung gaya basa anu kapanggih dina naskah drama “Kalangkang” karya Nazrudin.

Léngkah-léngkah anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta: (1) Tatahar, (2) ngumpulkeun data, (3) nganalisis data, (4) ngadéskripsikeun data, jeung (5) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu ditalungtik nyaéta ungkara basa Sunda ngeunaan unsur pragmatik (implikatur, polah ucap & adegan konversasi) jeung gaya basa nu aya dina naskah drama. Ieu data dijaring tina naskah drama anu dipaké pikeun ngayakeun pagelaran sarta salaku bagéan paling penting dina hiji pagelaran.

Naskah drama nu dipaké sumber data nyaéta naskah “Kalangkang” karya Nazaruddin anu medal tur dipagelarkeun ku Teater Sambada dina FDDBS (Festival

Drama Basa Sunda) taun 2016. Kandelna 18 kaca, anu boga 286 paguneman/dialog jeung 5 babak. Dina babak kahiji ngeunaan prolog carita kahirupan Darma salaku manten bupati nu hirupna ngarasa hampa sabab Rukmini pamijikanna geus maot, tapi di dinya ogé nyaritakeun Rahmi salaku pamajikan kadua Darma nu mikanyaah manéhna. Babak dua nyaritakeun kateupercayaan Darma ka Rahmi jeung nuduh Rahmi salingkuh ti Darma. Babak tilu paguneman anara Rahmi jeung Isah nu ngomongkeun cita-cita jeung udagan dina hirupna séwang-séwangan. Babak opat nyaritakeun konflik antara Darma jeung Rahmi. Babak lima klimaksna nu nyaritakeun Rahmi rék indit ningalkeun Darma tapi di ahirna duanan silih ngaji diri.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi. Nurutkeun Sumarsono (2004, kc. 73), ngaliwatan téhnik dokuméntasi, data nu dijaring téh kaitung loba dina rupa-rupa aspék. Éta data bisa dikumpulkeun deui pikeun ngararancang panalungtikan dina kajian anu béda-béda.

Dumasar kana téhnik di luhur, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. nyieun rarancang prosedur panalungtikan;
- b. néangan naskah drama ngaliwatan studi pustaka;
- c. maca naskah drama “Kalangkang”;
- d. nyirian unsur pragmatik jeung gaya basa nu aya dina naskah drama “Kalangkang”;
- e. nyalin unsur pragmatik jeung gaya basa nu aya dina naskah drama “Kalangkang” kana kartu data.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat nu dipaké pikeun ngumpulkeun sajumlahing informasi nu katarima minangka data panalungtikan, (Mukhtar, 2013, kc. 109). Dina unggal panalungtikan tangtu diperlukeun instrumen pikeun

meunangkeun data. Instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta kartu data jeung format rékapitulasi data panalungtikan.

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data unsur pragmatik jeung gaya basa nu aya dina naskah drama “Kalangkang”. Eusi kartu data ngawengku: 1) Paguneman; 2) Analisis; -Unsur Pragmatik; -Gaya basa.

**Tabel 3.1**  
**Kartu Data**

<b>KARTU DATA</b>	
Paguneman	: Darma: Aya kénéh sésa umur? “Kalangkang”-”Kalangkang” <i>némbalan</i> Darma: Kuring teu butuh angka nu pasti. Kapan éta mah rusiah. Tapi sangkan ieu haté tengtrem, aya hadéna ngalebah. Kira-kira sabaraha lila deui. (Drm/1/1)
Analisis	
Unsur pragmatik:	Polah Ucap (Perlokusi)
Gaya basa	: Mijalma

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina nganalisis data maké analisis unsur langsung. Unsur nu dianalisis nyaéta unsur pragmatik jeung gaya basa dina naskah drama “Kalangkang”. Ari ngolah data ngaliwatan tahap-tahap ieu di handap.

- 1) Mariksa deui sakabéh data unsur pragmatik jeung gaya basa anu geus dikumpulkeun
- 2) Ngodean jeung nganomeran data panalungtikan
- 3) Nganalisis data dumasar kana (1) unsur pragmatik jeung (2) gaya basa
- 4) Ngadéskriosikeun data dumasar kana
  - a) Unsur pragmatik, saperti: (1) implikatur, (2) polah ucap, (3) struktur konversasi.
  - b) Gaya basana, saperti: Kiasan (ngumpamakeun, lalandian, mijalma, ocon, ragunan, kahanan, jeung silib) jeung Rétoris (ngasor, rautan, rarahulan, kadalon, ébréhan).
- 5) Nafsirkeun data nu geus dianalisis.
- 6) Nyincindekan data.